



MARE WOUJ

10 PI GWO REYALITE SOU MARE WOUJ

1. Pwoliferasyon alg danjere (Harmful Algal Bloom, HAB), ke yo rele souvan mare wouj, se bagay ki rive nan lemond antye epi kòz yo se alg mikwoskopik (òganis ki gen yon sèl selil ki sanble ak plant).
2. Lè yo nan gwo konsantrasyon (ke yo rele pwoliferasyon), alg yo ka chanje koulè dlo a — pafwa wouj, vèt oswa mawon.
3. Nan Florid, yo itilize tèm 'mare wouj (red tide)' la prezizeman pou pale de HAB maren *Karenia brevis* oswa *K. brevis* ki rive souvan nan Gòlf Meksik la.
4. Yon pwoliferasyon ka dire plizyè jou, semèn oswa mwa, men kote li ye a ka chanje chak jou akòz kondisyon van ak kouran dlo yo.
5. Yo jwenn *K. brevis* prèske sèlman nan Gòlf Meksik la, men li transpòte detanzantan nan kòt lès Etazini.
6. *K. brevis* pwodui toksin ki ka afekte sistèm nève pwason, zwazo, mamifè ak lòt bèt.
7. Toksin ki soti nan pwoliferasyon *K. brevis* kapab irite po, zye ak gòj yon moun. Yo kapab afekte respirasyon kèk moun tou.
8. Fwidmè ki gen nan makèt ak restoran yo soti nan zòn ki siveye epi ki an sekirite pou manje.
9. Se pa yon sèl grenn faktè ki lakòz pwoliferasyon *K. brevis*. Pwoliferasyon yo fòme kòm rezilta entèraksyon ant òganis yo (byoloji), sous natirèl oswa sous atifisyèl eleman nitritif pou kwasans (chimi) epi kouran yo ki konsantre oswa ki deplase mare wouj la (fizik).
10. FWC bay enfòmasyon ki ajou sou pwoliferasyon *K. brevis* nan Florid epi ou kapab jwenn enfòmasyon yo sou Entènèt.

SITIYASYON AKTYÈL

[MyFWC.com/redtidestatus](https://www.myfwc.com/redtidestatus), oswa rele nan 866-300-9399

Enfòmasyon sou Rekòt Kristase:

[FDACS.gov/SHAC](https://www.fdac.gov/shac) oswa rele nan 850-617-7600

Swiv/Prevwa Mare Wouj epi Iritasyon Respiratwa:

[MyFWC.com/research/redtide/tools/](https://www.myfwc.com/research/redtide/tools/)

SANTE MOUN AK ENFÒMASYON ANPLIS

Depatman Sante Florid: [floridahealth.gov](https://www.floridahealth.gov)

Sant Enfòmasyon Kontwòl Pwazon nan Florid: 800-222-1222

Reyalite sou Mare Wouj: [MyFWC.com/research/redtide/faq](https://www.myfwc.com/research/redtide/faq)

RAPÒTE LANMÒ PWASON OSWA ENPAK SOU NATI SOVAJ BAY FWC

Rapòte Lanmò Pwason: 800-636-0511,
oswa itilize Aplikasyon FWC Reporter lan

Rapòte Enpak sou Nati Sovaj: 888-404-FWCC (3922)

MARE WOUJ

KONSÈY LASANTE:

1. Lè van yo ap soufle toksin *K. brevis* sou rivaj yo, moun ka santi iritasyon nan gòj, zye ak nen. Si ou santi iritasyon, kite zòn lan epi ale andedan. Moun ki gen opresyon grav oswa maladi kwonik nan poumon dwe evite zòn ki gen aktivite mare wouj. Si sentòm yo kontinye, al chèche swen medikal.
2. Naje nan mare wouj ka lakòz iritasyon nan po, gòj ak zye. Si po ou irite fasilman, evite naje pandan pwoliferasyon yo. Si w santi yon iritasyon, soti nan dlo a epi lave kò w delatètopye avèk dlo dous.
3. Li pa rekòmande pou naje oswa peche nan kote ki gen yon aktivite lanmò pwason.
4. Bèt kay yo ka vin malad si yo naje nan pwoliferasyon mare wouj epi apresya yo niche pwal yo. Pa kite yo manje pwason ni bwè dlo ki soti nan zòn kote gen pwoliferasyon ki prezan.
5. Tcheke sityasyon aktyèl mare wouj la.

KONSÈY POU SEKIRITE FWIDMÈ:

1. Depatman Agrikilti ak Sèvis Konsomatè Florid reglemante ak siveye deprè rekòt komèsyal kristase yo (paloud, zuit, mou). Si yon zòn rekòt kristase afekte ak mare wouj, y ap fèmen li.
2. Fwidmè ou jwenn nan makèt, restoran ak lòt pwen lavant komèsyal yo soti nan zòn ki siveye pou asire ke pwodui sa yo gen sekirite.
3. Filè ki soti nan pwason an sante yo ka rense konplètman avèk dlo fre epi yo ka konsome yo.
4. Pechè lwazi ak moun k ap keyi kristase yo dwe pran prekosyon:
 - Lòt espès nan lanmè yo ka gen toksin.
 - Kwit oswa konjle fwidmè pa debarase yo ak toksin mare wouj yo.
 - Misk yo oswa pati prensipal ki manjab nan lòt kristase yo (krab, kribich, ak woma) pa afekte ak mare wouj epi yo ka konsome yo. Pa manje tamale a (bagay vèt/epatopankreyas la).
5. Nan okenn sikonstans, yo pa konseye rekòlte bèt ki an detrès oswa ki mouri. Li pa rekòmande nonplis pou fè lapèch toupre pwason ki an detrès oswa ki mouri.

